

# (TPS) PWOTEKSYON ESTATI TANPORE – HAITI

## **Eske ou se Ayisyen? Eske ou te antre ozetazini avan 12 Janvye 2011? Genyen Bèl Nouvèl Pou Nou!!!**

Pwoteksyon Estati Tanporè (TPS) bay Ayisyen kab viv ozetazini apre tranbleman tè 12 Janvye 2010 e avan 12 Janvye 2011 yon avantaj tanporè legal. TPS la bon jiska Janvye 2013 eksepte si yo anonse yon lòt pwolongasyon. Pou plis enfomasyon vizite [www.USCIS.gov](http://www.USCIS.gov) e ale anba “Temporary Protected Status”

Malgre ke estati TPS la tanporè li bay kèlke avantaj. Li pèmèt nou:

- 1) Genyen otorizasyon pou travay, depi nou kalifye selon tout kondisyon yo
- 2) Aplike pou yon chanjman nan estati nou e tou sa va depann de ki fom imigrasyon nou te ranpli
- 3) vwayaje avèk apwobasyon

### **Delè:**

**Moun kab enskri premyè fwa pou TPS fèt pou ranpli tout fom**

**nan pakè a e genyen jouska dat 15 Novanm pou aplike.**

**Moun kab re-enskri fèt pout ranpli tout fom pou renouvle**

**Demand pou TPS la e yo genyen jouska dat 22 out 2011**

**pou re-aplike**

### **Koman pou nou konen si nou kab jwen TPS?**

1) Si nou se Ayisyen e Ayiti se denyè kote nou tap viv, men Kèlke dokiman nap bezwen pou prouve ke se Ayisyen nou ye e prouve denye adres nou an Ayiti :

- Kopi paspo Ayisyen oubyen kat idantifikasyon ayisyen
- Kopi dokiman natiralizasyon ayisyen nou, oubyen Kopi dokiman nasyonalite yon anbasad oswa yon konsila Ayisyen ba nou ozetazini
- Kopi batistè nou
- Kopi sètifika batèm ki endike nasyonalite Ayisyen nou oubyen ki endike ke youn nan paran nou genyen nasyonalite Ayisyen
- Tout dokiman sa yo fèt pou nan lang anglè. Epi yo dwe sètifye ke enfomasyon yo vre e kòrèk dapre tout konpetans (jan sa dekri nan regis USCIS ke nou kab jwen “online”

2) Moun kite kontinye ap viv Ozetazini depi 12 Janvyè 2011 genyen pou yo:

**Premyèman, prezante:**

Prèv dat ke yo te antre ozetazini

Prèv Entrevi yo te fe avèk ofisye nan biro azil la

Dosye I-213 ki dokimante ke yo te jwen refi

Paspo

Fom I-94 ki endike kilè yo te antre oubyen sôti nan peyi a

**Dezyèmman,**

Poun montre prèv Ke nou te rete ozetazini nou dwe prezante:

Papye travay avèk "pay stubs e W-2" fom

Resi kay ak bil elektrik

Papye lekôl

Bill doktè oubyen bill lopital

Papye labank, "money orders"

Lisans oubyen rejistwasyon machin' nou

Nenpôt lôk dokiman enpotan

**MEN YON LIST MOUN KI PA KALIFYE POU TPS. SI YON MOUN TE**

kondane pou **nenpôt** kèt krim

kondane pou **de** deli Ozetazini

**FORMS: ( nou va jwen tout fom pou TPS nan sit: [www.USCIS.gov](http://www.USCIS.gov))**

Nou fèt pou ranpli tout fom an mem tan e voye yo

avèk nenpôt frè ke nou genyen pou peye oswa fôk nou

ranpli fom( I-912) a e fè yon demann pou anilasyon frè yo

Nou fèt pou itilize fom (I-821) pou enskri oswa  
re-enskri pou estati pwoteksyon tanporè a  
Tout moun kap aplike pou TPS fèt pou ranpli Fom (I-765),  
Aplikasyon pou Otorizasyon pou travay, mem' si yo pap chèche travay.

**FRE:**

Tout moun kab aplike pou estati pwoteksyon tanporè  
Genyen pou peye \$50 pou fom (I-821)  
Genyen pou ranpli Aplikasyon pou Otorizasyon pou Travay  
mem' si yo pap cheche travay  
Moun laj 14 jouska 65 ane genyen pou peye \$380  
Moun ki pap chèche otorizasyon pou travay pa peye anyen  
Moun ki gen laj 66 zan ou plis oubyen 13 an ou pi piti pa peye anyen  
Pou biometrics (anprent) frè a se \$85 pou tout moun laj 14 zan ou pi gran  
Pa bliye ke nou kab toujou ranpli fom (I-192)  
pou fè demann pou anilasyon frè yo

**TPS YON JIJ IMIGRASYON OSWA KONSEY APEL IMIGRASYON AN AKODE**

Si yon jij imigrasyon oswa Konsey Apèl imigrasyon (BIA)  
akòde moun TPS, nou kab jwen otorization pou travay lè nou:  
genyen yon kopi aplikasyon ke jij la oubyen konsey  
Apèl la te apwouve a.  
Aplike pou Otorizasyon pou Travay (I-765).  
Pa bliye ke tout moun ki aplike pou TPS dwe kite USCIS konen  
Yo dwe itilize yon e-mail adres espesyal. Nap jwen tout  
enstwiksyon nan sit [www.USCIS.gov](http://www.USCIS.gov) anba "granted TPS by  
Immigration Judge or the board of Immigration Appeals."

## **E SI TE GENYEN YON LOD POU VOYE YON MOUN TOUNEN NAN PEYI'L**

Menm avèk lòd sa a nou kab aplike pou TPS. Men dèke estati

TPS la ekspire, yap ranfose lòd pou tounen moun nan peyi yo.<sup>i</sup>

---

<sup>i</sup> Florence Immigrant & Refugee Rights Project Haitian Temporary Protected Status Guide Translation by **Andrews Law, PLC.,**

*Andrews Law*, is a full service law firm that specializes in Immigration, Real Estate and Business matters. We offer our clients the highest in legal services and have staff attorneys who speak English, French, Spanish and Haitian Kreyole. For more information about *Andrews Law*, please visit us at [www.andrewslawplc.com](http://www.andrewslawplc.com). Thank you.

Trandui Pa **Andrews Law, PLC.,**

*Andrews Law*, se yon biwo avoka sèvis konplè ki espesyalize nan Imigrasyon, nan lalwa lojman ak lalwa biznis. Nou ofri kliyan nou pi bon sèvis legal epi nou gen avoka ki pale Kreyole Angle, Franse, ak Panyòl. Pou plis enfòmasyon sou *Andrews Law*, vizite nou nan [www.andrewslawplc.com](http://www.andrewslawplc.com). Mèsi.

Traducción por **Andrews Law, PLC.,**

*Andrews Law*, es una oficina de abogados de servicio completo que se especializa en inmigración, propiedades y alquiler y asuntos de negocios. Ofrecemos a nuestros clientes los mejores servicios jurídicos y tenemos abogados que habla Español, Inglés, Francés, y Kreyole Haitiano. Para más información sobre *Andrews Law*, por favor visítenos en [www.andrewslawplc.com](http://www.andrewslawplc.com). Gracias.